



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

WOH PUTRI KRATON

Buah Putri Keraton



Penulis: Fransisca Emilia
Ilustrator: Dwi Astuti

C



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

WOH PUTRI KRATON

Buah Putri Keraton

Penulis: Fransisca Emilia

Illustrator: Dwi Astuti

Penerjemah: Fransisca Emilia



Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia
Dilindungi Undang-Undang

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

WOH PUTRI KRATON
BUAH PUTRI KERATON

Penulis : Fransisca Emilia
Ilustrator : Dwi Astuti
Penerjemah : Fransisca Emilia
Penyunting : Nuryantini
Penata Letak: Adhi S

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-436-4 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 18/, Pulang, Milky Cofee, Arial.
ii, 32 hlm: 21 x 29,7 cm.



Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Anggonku olah kanuragan wis rampung. Sanalika aku ngadoh saka kanca-kanca amarga kringetku apek. Luwih becik aku ngadoh sadurunge adus.

Dobok lan piranti taekwondo takringkesi lan taklebokake ing tas. Nembe arep ngadeg, ana kang narik lengenku. Aduh! Meh wae aku tiba.

“Ayo, gage! ujure Rinto sambli nyangking tasku. “Mengko selak tutup!”

Aku pancen janji ngancani Rinto ndelok pameran *filateli* sabubare olah kanuragan. Sejatine aku pengen adus dhisik, nanging dipenggak adhi kembarku kuwi. Aku kapeksa nggenjot pitku ngetutake dheweke menyang pameran.

Aku selesai berlatih taekwondo. Aku menjauh dari teman-teman karena keringatku berbau. Lebih baik aku tak berdekatan dengan orang lain sebelum mandi.

Dobok dan perlengkapan taekwondo kumasukkan dalam tas. Ketika aku baru akan berdiri, seseorang menarik lenganku. Aduh! Hampir saja aku terjatuh.

“Ayo, buruan!” seru Rinto sambil menyambar tasku. “Keburu tutup!”

Aku memang berjanji menemani Rinto melihat pameran filateli sepulang latihan. Aku ingin mandi dulu, tetapi adik kembarku itu melarang. Terpaksa kukayuh sepedaku mengikutinya ke tempat pameran.

Swasana pameran ora patiya rame. Ana sakumpulan bocah ngetutake *pemandu* ing ngarep salah siji *panel*. Bocah-bocah kuwi ngematake *panel* lan ngrungokake katrangan *pemandu*. Rinto banjur melu nyedhak. Aku milih *panel* liyane kang sepi.

Sawise sawetara wektu, bocah-bocah iku banjur pindhah. Rinto ora melu, malah ngundang aku.

“Deloken iki, Mbak! Yen gelem mangan woh iki, Mbak Ranti bakal wangi kaya putri kraton”. Sanadyan lair mung kacek pirang menit, Rinto tansah ngundang aku *Mbak*.

Suasana pameran tidak terlalu ramai. Beberapa anak mengerumuni seorang pemandu di depan sebuah panel. Mereka mengamati panel sembari mendengarkan penjelasan pemandu. Rinto bergabung dengan mereka. Aku memilih panel lain yang sepi.

Setelah beberapa saat, rombongan berpindah tempat. Rinto tidak mengikuti rombongan, malah memanggilku.

“Lihat ini, Mbak! Kalau makan buah ini, Mbak Ranti akan seharum putri keraton.” Meski lahir hanya selang beberapa menit, Rinto selalu memanggilku, *Mbak*.



“Ih, apa ta?” gunemku karo ngeplak pundhake Rinto.

Taktamati panel ing ngarepku. Ana salah siji prangko gambar wit kepel gawean taun 1998. Prangko liyane gambar manuk kutut lan wit kepel gawean taun 2010.

“Biyen, woh kepel iki kesenengane para putri kraton. Woh iki duwe kasiyat kaya *deodoran*, ngarumake abab lan kringet.” Mbak Ranti kudu mangan woh kepel!” ujure Rinto sambi ngemba-ngemba kaya *pemandu*.

Aku banjur maca katrangan ing ngisor *panel*. Wit kang ditetepake minangka *flora* tetenger Daerah Istimewa Yogyakarta iki akeh paedahe. Salah sijine, ngilangake ganda kringet kang apêk.

“Ih, apaan sih?” kutingu pelan bahu Rinto.

Kuamati panel di hadapanku. Ada satu perangko bergambar pohon kepel diterbitkan tahun 1998. Satu perangko lainnya bergambar burung perkutut dan pohon kepel diterbitkan tahun 2010.

“Buah kepel ini dahulu merupakan buah kesukaan para putri keraton. Manfaatnya sebagai deodoran, pengharum napas dan bau badan. Mbak Ranti harus makan buah kepel!” kata Rinto menyerupai seorang pemandu.

Aku kemudian membaca keterangan di bawah panel. Pohon yang ditetapkan sebagai flora identitas Daerah Istimewa Yogyakarta itu banyak manfaatnya. Salah satunya, dapat menghilangkan bau badan.

“Wah, aku kudu njajal mangan woh kepel. Ana ing ngendi woh iki? Aku durung tau weruh.”

“Ayo, mengko nggolek ing toko woh-wohan!” pangajake Rinto.

Aku lan Rinto banjur nerusake ndelok pameran. Ana warna-warna prangko saka jaman biyen nganti saiki. Rinto banjur menehi katrangan kaya *pemandu* kang wis trampil. Dheweke seneng prangko sanajan saiki wus arang wong ngirim layang nganggo prangko.

Rinto mangerteni *filateli* amarga nemu album prangko kagungane Ibu. Wiwit kuwi, Rinto dadi seneng ngumpulake prangko. Dheweke nembung prangko marang Simbah lan sedulur liyane. Rinto uga nembung prangko marang kanca-kancane Ibu lan Bapak kang mertamu. Amarga iku, prangkone Rinto dadi akeh.

”Wah, aku harus mencoba makan buah kepel. Di mana kita bisa memperoleh buah ini? Aku belum pernah melihatnya.”

“Ayo, nanti kita ke toko buah!” ajak Rinto.

Aku dan Rinto melanjutkan melihat-lihat pameran. Kutemani Rinto berkeliling dari panel ke panel. Ada beragam jenis perangko dari zaman dulu sampai sekarang. Rinto menjelaskan padaku layaknya pemandu profesional. Dia menggemari perangko meskipun saat ini jarang ada yang berkirim surat dengan perangko lagi.

Rinto mengenal filateli karena menemukan album perangko milik Ibu. Sejak saat itu Rinto gemar mengumpulkan perangko. Ia meminta perangko kepada Kakek dan kerabat lain. Bahkan ia juga meminta kepada teman Ayah dan Ibu yang berkunjung. Karena itu, perangko Rinto sudah banyak.

Tutug olehe ndelok pameran, Rinto ngajak bali, nanging mampir dhisik ing toko woh-wohan langganane Ibu.

Ana akeh woh-wohan ing toko iku. Ana kates, pelem, gedhang, jambu, lan sapiturute kajaba kepel.

“Iki woh kepel, Mbak!” ujare Rinto saka rak ing baris mburi.

Puas mengamati berbagai macam perangko, Rinto mengajakku pulang. Kami singgah di toko buah langganan Ibu.

Berbagai macam buah dijual di toko itu. Ada pepaya, mangga, pisang, jambu, dan macam-macam buah lainnya kecuali buah kepel.

“Ini buah kepel, Mbak!” teriak Rinto dari rak belakang.

TOKO BUAH SEGAR MAN



Takgatekake woh sing dicekel Rinto. Wohe bunder, lonjong, lan wernane soklat kaya woh kepel ing gambar prangko.

“Kuwi sawo. Aku ora adol kepel,” ngendikane Ibu kang kagungan toko nalika mireng rembuganku karo Rinto.

“Duh, ing ngendi maneh ana woh kepel, ya?” sambatku.

”Ing pasar mesti ana,” wangsulane Rinto. “Nanging saiki pasar wus tutup. Sesuk awake dhewe melu Ibu menyang pasar wae,” usule Rinto.

Kuamati buah yang dipegang Rinto. Bentuknya bulat, lonjong, dan warnanya coklat seperti buah kepel di perangko.

“Itu sawo. Kami tidak menjual buah kepel,” kata Ibu pemilik toko saat mendengar percakapan kami.

“Di mana kita bisa mendapat buah kepel, ya?” keluhku.

“Di pasar pasti ada,” jawab Rinto. “Sekarang, pasar sudah tutup. Besok pagi saja kita ikut Ibu belanja ke pasar,” usul Rinto.

Saben Setu esuk Ibu lan Bapak tindak menyang pasar. Aku lan Rinto banjur melu.

Kaya biasane, swasana pasar rame lan umpel-umpelan. Njelehi tenan yen kudu suk-sukan. Aku pengen bali wae utawa ngenteni ing parkiran, nanging Rinto kandha menawa woh kepel mesthi ana ing njero pasar.

Sawetara Ibu lan Bapak blanja, aku lan Rinto muter nggolek kepel. Sanadyan wis marani pirang-pirang bakul, durung ana sing adol woh kepel.

Setiap Sabtu pagi Ibu dan Bapak berbelanja ke pasar. Aku dan Rinto ikut ke pasar.

Seperti biasa, pasar ramai dan penuh sesak. Sungguh menyebalkan bila harus berdesak-desakan. Aku ingin pulang saja atau menunggu di tempat parkir. Namun, Rinto bilang di dalam pasar pasti ada buah kepel.

Sementara Ibu dan Bapak berbelanja, aku dan Rinto berkeliling mencari kepel. Banyak penjual buah sudah kami datangi, tetapi belum ada yang menjual buah kepel.



“He... iki mesthi woh kepel!”
ujare Rinto ing salah siji *kios*
woh-wohan. Dheweke nyekel
woh werna soklat, bunder,
lan lonjong. Kulit woh kuwi
dikebaki wulu alus.

“Dudu, kuwi woh kiwi,”
ngendikane Ibu kang dodol.

Rinto banjur mbalekake
woh kuwi. Dheweke banjur
mengo marang aku, gedheg,
lan ngangkat pundhak.

Pasar tambah rame.
Kabeh bakul woh-wohan wis
takparani, nanging ora ana
kang adol kepel. Rinto takajak
metu, ngenteni Ibu lan Bapak
ing parkiran.

“He... ini pasti buah kepel!”
seru Rinto di sebuah kios buah.
Ia memegang buah berwarna
cokelat dan berbentuk bulat
lonjong. Permukaannya berbulu
halus.

“Bukan. Itu buah kiwi,”
sahut Ibu penjual.

Rinto menaruh kembali
buah yang dipegangnya. Ia
menoleh padaku, menggeleng,
dan mengangkat bahu.

Pasar semakin ramai.
Semua penjual buah sudah
kami datangi. Tidak ada satu
pun yang menjual buah kepel.
Kuajak Rinto keluar pasar,
menunggu Ibu dan Ayah di
tempat parkir.

Hawane wiwit sumuk. Ana wit ringin ing cedhak parkiran. Aku lan Rinto banjur ngeyub ing ngisor wit kuwi.

PLUG!

Ana woh ringin tiba ing pundhakku. Takjupuk woh kuwi lan liyane kang sumebar ing ngisor wit ringin. Aku banjur dolanan bekel nganggo woh-wohan iku.

Rinto njupuk salah siji woh iku, banjur digatekake. Dheweke banjur sumringah lan mbengok, “*Arboretum!*”

Hawanya mulai gerah. Ada sebuah pohon beringin di dekat tempat parkir. Aku dan Rinto berteduh di bawahnya.

PLUK!

Ada buah beringin yang jatuh di pundakku. Kuambil buah itu dan beberapa buah lain yang berserakan di bawah pohon. Kumainkan seperti bermain bekel.

Rinto mengambil salah satu buah, kemudian diamati. Dia semringah dan berseru, “*Arboretum!*”

Rinto mesem amarga kelingan ana *arboretum* ing *kampus* panggonane Bapak maringi piwulang. “Ing kana mesthi ana wit kepel,” ujare Rinto.

Arboretum kuwi kebon kang kanggo *ngoleksi* wit-witan. Bapak tau ngajak aku lan Rinto menyang *arboretum* ing *kampus*. Ing kana, maneka warna wit-witan ditandur kanggo kaperluan panaliten.

Bapak lan Ibu wis tekan ngasta blanja. Aku lan Rinto ngrewangi nglebokake blanja ing njero mobil. “Bapak, kula lan Rinto nyuwun tulung dipun dugekaken dhateng *arboretum*, nggih,” panjalukku.

Rinto tersenyum lebar teringat *arboretum* di *kampus* tempat Bapak mengajar. “Di sana pasti ada pohon kepel,” seru Rinto.

Arboretum adalah sebuah kebun untuk mengoleksi bermacam-macam jenis pohon. Bapak pernah mengajak kami berkunjung ke *arboretum* di *kampus*. Di sana ditanam berbagai jenis pohon untuk penelitian.

Bapak dan Ibu datang membawa belanjaan. Aku dan Rinto membantu memasukkannya ke dalam mobil. “Bapak, tolong antar kami ke *arboretum*, ya,” pintaku.



Ngendikane Bapak, ana wit kepel ing *arboretum*. “Ananging Bapak ora ngerti apa saiki wayahe awoh apa ora.”

Aku lan Rinto sumringah. Muga-muga saiki titi wancine wit kepel awoh. ”Kaya apa rasane woh kepel, ya?”

Bapak ngudhunake aku lan Rinto ing ngarep *kampus*. *Arboretum* ana ing sisih tengen *kampus* kang amba. Aku lan Rinto banjur nggoleki Pak Kelik kang njaga *arboretum*.

Kata Bapak, ada pohon kepel di *arboretum*. “Namun, Bapak tidak tahu apakah saat ini sedang berbuah atau tidak.”

Aku dan Rinto semringah. Semoga saat ini waktunya pohon kepel berbuah. Seperti apa rasa buah kepel, ya?

Bapak menurunkan kami di depan *kampus*. *Arboretum* berada di sebelah kanan *kampus* yang luas. Kami mencari Pak Kelik, penjaga *arboretum*.



“Wah, kowe sakloron begja banget. Wit kepel saiki wayah panen. Golekana ing sisih kidul.” Pak Kelik uga maringi katrangan ciri-cirine wit kepel iku.

Mlebu gapura *arboretum* kaya mlebu ing donya liya. Akeh wit gedhe lan cilik kang dhuwur. Krasa segere wangi gegodhongan.

Swara rame kendaraan banjur ilang, malih swara manuk lan kewan cilik. Swara sepatu nglewati rereged godhong garing keprungu banter.

“Kalian berdua beruntung sekali. Pohon kepel sedang berbuah dan waktunya panen. Cari saja di sisi selatan.” Pak Kelik juga menjelaskan ciri-ciri pohon kepel yang harus kami cari.

Memasuki gerbang *arboretum* terasa bagai masuk ke dunia lain. Pohon besar dan kecil tinggi menjulang. Aroma dedaunan terasa segar.

Keramaian lalu lintas seketika menghilang. Hanya kerik serangga dan cericip burung yang terdengar. Suara sepatu yang bergesekan dengan daun-daun kering terdengar nyaring.

Aku lan Rinto menyang panggonan kang dituduhake Pak Kelik. Aku lan Rinto banjur mlaku sami ngematake wit-witan ing panggonan iku. Nganti tekan pojok kidul, aku lan Rinto durung nemu wit kepel.

Aku lan Rinto banjur menyang sisih wetan, kira-kira nggeser sepuluh meter. Gentenan Rinto mlaku ing ngarep. Nembe sedhela, Rinto banjur mbengok,” Lha iki!”

Aku dan Rinto berjalan ke arah yang ditunjukkan Pak Kelik. Aku dan Rinto berjalan sambil mengamati pepohonan di tempat itu. Hingga di ujung selatan, aku dan Rinto belum menemukan pohon kepel.

Aku dan Rinto kemudian bergeser ke arah timur sekitar sepuluh meter. Kini Rinto yang berjalan di depanku. Belum jauh kami melangkah, Rinto berteriak, “Ini dia!”



“Hore!” Aku lan Rinto mbengok bebarengan. Aku lan Rinto banjur gegandengan lan lelumpatan ngubengi wit kepel.

Wit kepel iku gedhe, lempeng, lan dhuwur. Woh-woh kepel katon gumantung lan temempel ing watang wit.

“Angel tenan nemokake woh putri kraton iki,” ujure Rinto.

Takdemok woh kang temempel ing watang wit iku. “Woh kang nyleneh.”

“Hore!” seruku dan Rinto bersamaan. Kami bergandengan tangan dan melompat-lompat memutari pohon kepel.

Pohon kepel besar, lurus, dan tinggi. Batangnya dipenuhi buah-buah kecokelatan. Menggantung dengan tangkai yang menempel pada batang.

“Benar-benar langka buah putri keraton ini,” guman Rinto.

Kusentuh buah-buah yang menempel pada batang itu. “Buah yang aneh.”

“Wis ketemu, ya?” swara Pak Kelik ngagetake aku lan Rinto. “Wit kepel saiki wis arang, sanadyan pigunane akeh banget.”

Pak Kelik methik woh kepel kang wus mateng siji. Ngagem lading kang bisa dilempit, Pak Kelik ngiris kulit kepel wiwit pucuk nganti ngisor. Kulit woh kepel iku diiris dadi patang pantha. Pucuke kulit banjur ditarik kaya ngonceki gedhang.

“Ngene iki cara paling gampang ngonceki woh kepel,” ngendikane Pak Kelik.

Woh kepel kang wus dionceki, banjur diwenehake aku. Pak Kelik methik lan ngonceki loro-telu woh kepel maneh. Woh-woh kepel iku banjur dipangan bareng.

“Sudah menemukan, ya?” suara Pak Kelik mengejutkanku dan Rinto. “Pohon kepel memang langka, padahal manfaatnya luar biasa.”

Pak Kelik memetik satu buah kepel yang sudah matang. Dengan pisau lipat, ia menggores kulitnya dari ujung ke pangkal buah. Membagi permukaannya menjadi empat bagian. Ujung-ujungnya dibuka seperti mengupas pisang.

“Begini cara paling mudah mengupas kepel,” kata Pak Kelik.

Buah yang sudah dikupas diberikannya padaku. Pak Kelik memetik dan mengupas beberapa buah kepel lagi untuk dimakan bersama.



Daging woh kepel iku wernane kuning semu abang. Ambune seger kaya wangi pelem campur mawar.

Takcokot sithik. Rasane legi tur mbanyu lan lembut kaya krim. Takcokot luwih akeh. Ups... ana wijine. Jebule daging kepel kuwi tipis lan wijine gedhe-gedhe.

“Enak!” ujure Rinto. “Pancen pantes yen dadi kesenengane para putri kraton. Ayo Mbak, mangan kang akeh amrih dadi wangi kaya putri kraton!” ujure Rinto.

Spontan sikile Rinto takpidak. Dheweke banjur takpendeliki amrih meneng. Rinto nyengir kelaran.

Daging buah kepel berwarna jingga. Aromanya segar seperti campuran wangi mangga dan bunga mawar.

Kugigit sedikit. Rasanya manis berair, terasa lembut seperti krim. Kugigit lebih banyak. Ups... ada bijinya. Ternyata daging buahnya tipis dan bijinya besar-besar.

“Enak!” kata Rinto. “Pantas saja buah ini digemari putri keraton. Ayo Kak, makan yang banyak biar seharum putri keraton!” goda Rinto.

Spontan kuinjak kaki Rinto. Kupelototi dia supaya tutup mulut. Rinto meringis kesakitan.



“Punapa saniki awrat sanget madosi woh kepel, Pak?” pitakonku marang Pak Kelik.

“Biyen, wit kepel mung ditandur ing kraton utawa omah priyayi. Wong umum ora entuk nandur utawa mangan woh kepel. Saiki, ora akeh wong kang mangerteni lan kepengin nandur wit kepel.”

Duh, emanten! Kamangka rasa woh kepel enak lan akeh paedahe. Takjupuk wiji woh kepel kang werna ireng sacukupe. “Rinto, ayo nandur wit kepel ing pekarangan omah!”

Rinto sarujuk lan ngrewangi nglumpukake wiji woh kepel kang sumebar.

“Mengapa sekarang tsulit sekali mencari buah kepel, Pak?” tanyaku pada Pak Kelik.

“Dahulu pohon kepel hanya ditanam di lingkungan keraton atau rumah orang-orang terpandang. Rakyat biasa tidak boleh menanam dan makan buah kepel. Sekarang tidak banyak orang yang mengenal dan berminat menanam pohon kepel.”

Sayang sekali, padahal rasa buah kepel enak dan banyak manfaatnya. Kuambil secukupnya biji buah kepel yang berwarna kehitaman. “Rinto, ayo kita tanam pohon kepel di halaman rumah!” Rinto menyetujui usulku dan ikut membantu mengumpulkan biji buah kepel yang berserakan.

Aku lan Rinto uga methik woh kepel kanggo sangu bali. Pak Kelik maringi pituduh cara milih woh kepel kang mateng.

Sarampunge methik woh kepel, tasku lan tase Rinto dadi abot. Bubar iku, Bapak wis rawuh, mapag aku lan Rinto.

“Maturnuwun, Pak Kelik.” Aku lan Rinto banjur pamitan.

Aku dan Rinto juga memetik buah kepel untuk dibawa pulang. Pak Kelik mengajari kami cara memilih buah kepel yang benar-benar matang. Selesai memetik buah kepel, tasku dan tas Rinto menjadi berat. Tak lama kemudian Bapak datang menjemput aku dan Rinto.

“Terima kasih, Pak Kelik.” Aku dan Rinto pun berpamitan.



Saiki, tandhon woh kepelku rada akeh. Saben dina, aku mangan sacukupe.

Rinto nyedhak banjur ngambu aku. “Saiki Mbak Ranti wangi kaya mawar,” ujare Rinto karo mesam-mesem. Rinto langsung sumingkir bareng ngerti bakal tak keplak.

Wiji-wiji woh kepel takkumbah nganti resik. Wiji banjur takgaringake lan taktandur. Mbesuk, aku bisa mangan woh kepel saka tanduranku dhewe.

Persediaan buah kepelku cukup banyak. Setiap hari aku makan beberapa buah.

Rinto mendekatiku dan mengendusku. “Sekarang Mbak Ranti seharum bunga mawar,” katanya jahil. Ia menjauh sebelum tanganku melayang ke arahnya.

Biji-biji buah kepel kucuci bersih, kukeringkan, lalu kutanam. Kelak aku bisa makan buah kepel dari pohonku sendiri.

Biodata

Penulis dan Penerjemah:

Fransisca Emilia suka berjalan-jalan ke hutan dan desa. Menikmati gunung, sungai, dan pesisir selalu menghibur dan menginspirasi. Ia senang membagikan keseruannya melalui cerita anak. Ia bisa dihubungi melalui IG [@wacanbocah](#)

Ilustrator:

Dwi Astuti, S.Pd biasa di sapa Astuty tinggal di Kabupaten Gunungkidul, Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, dan menempuh Pendidikan Seni Rupa di Universitas Sebelas Maret Surakarta. Astuty memulai karir sebagai ilustrator sejak 2015. Ia mulai mengeluti dunia ilustrasi buku anak sejak 2015 silam. Buku yang di Ilustrasikan sudah lebih dari 30 judul. Yuk mengenal lebih dekat dengan Astuty melalui Instagram [@astuty_aspharagus](#), atau melalui email pensilmerah22@gmail.com


Penyunting:

Nuryantini, lahir di Klaten pada 13 Januari 1973. Ia merupakan pegawai Balai Bahasa Provinsi DIY sejak Januari 2005 hingga sekarang. Saat ini aktif sebagai anggota KKLP (Kelompok Kepakaran dan Layanan Profesional) Perkamusan dan Peristilahan yang bertugas menangani kegiatan pemerayaan kosakata dan pengembangan kamus di kantornya bersama tim. Bagi pembaca yang ingin berkomunikasi, dapat menghubungi posel nurysutopo1@gmail.com atau ponsel (085728900112).

(ERDAS BERLITERASI



**Gerakan
Literasi
Nasional**



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

WOH PUTRI KRATON

Buah Putri Keraton

Ranti dan Rinto adalah dua anak kembar berusia 12 tahun.
Ranti yang lincah dan suka berolahraga memiliki masalah bau badan.

Rinto mendapat informasi tentang buah penghilang bau badan.
Lalu, Rinto menyarankan Ranti untuk memakan buah tersebut.
Akan tetapi, buah itu sulit ditemukan di pasaran. Konon, buah itu termasuk buah langka.

Hanya di lingkungan keraton dan orang-orang terpandang yang boleh menanam pohon itu.



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

ISBN 978-623-112-436-4 (PDF)

